**दिन–गुरूवार** **दिनांक–11.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली मे केन्द्रीय बजट दू हजार चौबीस–पचीस सँ पूर्व प्रमुख अर्थशास्त्री लोकनि संग नीति आयोग मे एक बैसार कयलनि। बैसार मे वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन, नीति आयोगक उपाध्यक्ष सुमन बेरी, प्रधानमंत्रीक प्रमुख सचिव पी.के. मिश्र आ आनो प्रमुख अर्थशास्त्री तथा विशेषज्ञ लोकनि उपस्थित भेलाह। संसदक बजट सत्र बाईस जुलाई के शुरू भऽ रहल अछि आ तेईस जुलाई के वित्तमंत्री लोकसभा मे केन्द्रीय बजट प्रस्तुत करतीह। नरेन्द्र मोदी सरकारक तेसर कार्यकाल मे ई पहिल बजट होयत।

---

सर्वोच्च न्यायालय नीट–यूजी परीक्षा दू हजार चौबीसक मामिलाक सुनवाई आब एहि मासक अठारह तारीख धरि लेल स्थगित कऽ देलक अछि। मुख्य न्यायाधीश डी.वाई चन्द्रचूड़क अध्यक्षतावला पीठ याचिकाकर्ता लोकनि के केन्द्र आ एनटीए द्वारा काल्हि दायर हलफनामा पर अपन प्रतिक्रिया दाखिल करबा मे सक्षम बनेबाक लेल ई स्थगन देलक। शीर्ष अदालत मे पछिला पाँच मई के नीट यूजी दू हजार चौबीस मेडिकल प्रवेश परीक्षा मे कथित गड़बड़ी के संबंध मे दायर याचिका सभ पर सुनवाई हेबाक छल।

---

नेपालक तराई क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारणे राज्य मे गंडक, कोसी, बागमती, महानन्दा परमान नदी समेत कतेको आनो नदी उफान पर अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे खतराक निशान सँ सात सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। बागमती नदीक जलस्तर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान सँ पच्चासी सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। हालांकि ई नदी सीतामढ़ीक रून्नीसैदपुर मे लाल निशान सँ नीचा आबि गेल अछि। कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे लाल

निशान सँ नवासी सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। महानन्दा नदीक जलस्तर पूर्णियांक ढेंगराघाट आ कटिहारक झावा मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। परमान नदी सेहो अररिया मे खतराक निशान सँ छियासठि सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल।

———————————————————————————

प्रदेश मे विभिन्न नदी के उफान पर रहबाक कारणे सुपौल, सहरसा, पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण आ मधुबनी समेत कतेको जिलाक निचला क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। हमर सहरसा संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक पूर्वी कोसी तटबंधक भीतर दियारा क्षेत्रक निचला क्षेत्र मे सड़क पर जलभरावक कारण आवागमन प्रभावित भेल अछि। जिलाक अलानी, साम्हरखुर्द आ चानन पंचायतक निचला क्षेत्रक खेत–खलिहान मे पानि आबि गेल अछि। जाहि सँ पशुक वास्ते चाराक समस्या उत्पन्न भऽ गेल। ओतहि, सुपौल जिलाक सुपौल सदर, किशनपुर, मरौना, सरायगढ़–भपटियाही आ निर्मलीक निचला क्षेत्र मे बाढिक पानि भरि गेल अछि। जिला प्रशासन प्रभावित क्षेत्र मे एक सय तिरसठि नावक निःशुल्क संचालन कऽ रहल अछि। मधुबनी जिलाक मधेपुर प्रखंड क्षेत्र मे कोसी दियारा क्षेत्रक द्वालख, महपतिया, बसीपटटी आ भरगमा पंचायत मे आइ सवेरे सँ भूतही बलान नदीक जलस्तर मे वृद्धि हेबा सँ करीब पचास हजारक आबादी के प्रखंड मुख्यालय सँ सड़क संपर्क टूटि गेल।

———————————————————————————

मौसम विभागक अनुसार अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक अधिकांश भाग मे मॉनसून एक बेर पुनः सक्रिय भऽ गेल अछि। अगिला चौबीस घंटा मे पूर्वी चंपारण, पश्चिम चंपारण, सीतामढ़ी, गोपालगंज, मुजफ्फरपुर, मधुबनी, दरभंगा आ सुपौल सहित प्रदेशक उत्तरी भाग मे किछु स्थान पर भारी बरखा हेबाक संभावना बनल अछि। ओतहि, प्रदेशक दक्षिणी भाग मे किछु स्थान पर मेघ गर्जनक संग मध्यम बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिला मे अलग–अलग ठाम ठनकाक चपेट मे अयला सँ पाँच गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। फुलपरास थाना क्षेत्रक बथनाहा पंचायत मे ठनकाक चपेट मे अयला सँ तीन गोटे जखनकि बाबूबरही थाना क्षेत्रक डुमराही मे दू महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि। बेगूसराय जिलाक

परिहारा थाना क्षेत्रक डोभ गाम मे सेहो एक व्यक्तिक ठनका चपेट मे अयला सँ मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————————

जनता दल यूनाईटेडक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार भारतीय प्रशासनिक सेवाक पूर्व अधिकारी मनीष कुमार वर्मा के पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव नियुक्त कयलनि अछि। विदित अछि जे श्री वर्मा पछिला मंगल दिन जदयूक सदस्यता ग्रहण कयने छलाह।

———————————————————————————

सहरसा जिलाक वनगांवक लक्ष्मी झा विश्वक बीसम सभ सँ पैघ चोटी मलेशियाक किनाबालु बोर्नियों पर चढ़ाई कऽ भारतक तिरंगा फहरौलनि। एहि पर्वत चोटी पर तिरंगा फहरावयवाली लक्ष्मी पहिल भारतीय महिला पर्वतारोही भऽ गेलीह।

———————————————————————————

राज्य सरकार मधेपुरा जिलाक सिंहेश्वर स्थान मे साओन मेलाक वास्ते पन्द्रह लाख टाका आवंटित कयलक अछि। जखनकि जिलाक चौसा स्थित बाबा विशुराउत मेलाक लेल साढे चारि लाख टाका देलक अछि। ई जनतब राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री सिंहेश्वर स्थान मे देलनि।

———————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय समेत प्रदेशक सभ अदालत मे अगामी तेरह जुलाई के राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल जायत।

———————————————————————————

समाप्त